

POLITIK AK PWOSEDI

Politik # GA-018-055	Politik sou Pwogram Èd Finansye a (Financial Assistance Program, FAP)	Paj 1 sou 7
Mànnyèl: Administrasyon Jeneral		Seksyon: Sèvis Kontabilite Pasyan
Kòmanditè: Vis-Prezidan Egzekitif Direktè Finansye		Dat Kòmansman: 06/2002
Moun ki Apwouve a: Vis-Prezidan Operasyon Finansye		Distribisyon: Tout sistèm nan
Règleman/Estanda: Seksyon 501(r)(4) nan Kòd Revni Entèn nan		
Dat Revizyon	07/03, 03/04, 02/06, 09/08, 11/08, 01/09, 12/09, 12/13, 06/16, 08/18, 11/21	
Dat Egzamen	03/14, 06/16, 08/18, 08/20, 11/21	

I. Objektif

Broward Health ofri swen charite pou pasyan k ap resevwa sèvis ijan ak lòt sèvis ki medikalman nesèsè epi ki satisfè kondisyon kalifikasyon yo pou èd finansye selon politik sa a. Pasyan yo k ap resevwa sèvis ijan ak lòt sèvis ki medikalman nesèsè, ki se rezidan pèmanan andedan zòn sèvis Broward Health la epi ki respekte lòt kondisyon yo nan politik sa a, gen dwa soumèt Demann Admisyon nan Pwogram Èd Finansye ki tache ak politik sa a kòm Anèks A pou fè demann èd finansye.

Kondisyon prensipal la ki sèvi pou detèmine si yon pasyan kalifye pou èd finansye, baze sou revni fanmi an kòm pousantaj dènje Liy Direktris Federal sou Pòvte yo ke Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an pibliye yo epi mete disponib chak ane pa nan Rejis Federal la.

Broward Health p ap fè diskriminasyon kont yon pasyan k ap fè demann èd finansye poutèt ni ras li, ni kwayans li, ni koulè li, ni orijin nasyonal li, ni sèks li, ni laj li ni relijyon li. Zòn sèvis Broward Health la andedan Konte Broward sòti depi nan Dania Cut-Off Canal rive nan nò sou liy Konte Palm Beach la.

II. Politik

Nou aplike politik sa a epi n ap administre li annakò estrik avèk Seksyon 501(r)(4) nan Kòd Revni Entèn 1986 la, jan li amande a, ak Règleman Trezò Seksyon 1.501(r)-4. Tout kondisyon jeneral ki isit la enkòpore pa referans nan politik sa a kòm si yo prezante an totalite isit la.

III. Angajman Ofri Swen Medikal Ijan

Broward Health ofri, san diskriminasyon, swen pou pwoblèm medikal ijan moun genyen, san konsidere si yo kalifye pou èd selon politik sa a. Broward Health p ap fè aksyon ki dekouraje moun chèche swen medikal ijan, tankou egzije pou pasyan yo ki nan depatman ijans la peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal ijan oswa otorize aktivite rekòlt dèt ki fè sa difisil pou bay, san diskriminasyon, swen medikal ijan. N ofri sèvis medikal ijan, sa gen ladan transfè ijan, konfòmeman a EMTALA, pou tout pasyan Broward Health san diskriminasyon, konfòmeman a politik EMTALA Broward Health la.

Politik #: GA-018-055	Politik sou Pwogram Èd Finansye a	Paj 2 sou 7
------------------------------	--	--------------------

IV. Definisyon

AGB – vle di montan yo jeneralman bay bòdwo pou li an pou swen ijan oswa lòt swen ki nesèsè medikalman pou moun ki gen asirans.

EMTALA – vle di Lwa sou Tretman Medikal Ijan ak Tranche Aktif la (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act), 42 USC 1395dd.

Revni Fanmi an- vle di kantite lajan yon moun/fanmi fè nan yon lane sòti nan tout sous yo anvan taks. Revi an gen ladan:

- Lajan Ajiste ou Fè Anvan Taks nan travay pou tèt ou
 - Peman nan men Sekirite Sosyal
 - Peman retrèt nan chemennfè
 - Endanmnite chomaj
 - Endanmnite pou aksidan travay
 - Alokasyon grèv sòti nan fon sendika
 - Avantaj pou ansyen konbatan
 - Asistans piblik (sa gen ladan peman lajan Asistans Jeneral)
 - Alokasyon pou fòmasyon
 - Prestasyon alimantè
 - Soutnans pou timoun
 - Pòsyon pou fanmi militè
 - Soutyen regilye nan men yon manm fanmi ki absan oswa nan men yon moun ki pa rete nan kay la
 - Pansyon prive oswa pansyon pou anplwaye gouvènman
 - Peman regilye asirans oswa rant
 - Dividann
 - Enterè (pa enterè yo peye sou ipotèk nan deklarasyon taks)
 - Peman lwaye ou resevwa
 - Redevans
 - Resèt peryodik sòti nan byen oswa nan fideyikomi
 - Gen nèt sòti nan jwèt aza oswa lotri

Èd Finansye – vle di bòdwo lopital pou swen yo bay yon pasyan ki gen revni fanmi li pou 12 mwa anvan desizyon an ki mwens oswa egal 200% Liy Direktris Federal pou Pòvte ki genyen lè sa a pou fanmi ki rete nan zòn sèvis Broward Health la.

Pwogram Akò sou Pri Fiks- Broward Health ap ofri yon Pri Fiks pou pasyan pou sèten entèkansyon presi pou garanti pasyan yo pa depase yon maksimòm sòti nan pòch yo. Barèm Pri Fiks la ap gen ladan tout entèkansyon ak rabè yo ofri yo andedan sant medikal la epi l ap resevwa apwobasyon Direktè Finansye a (CFO)/Direktè Rejyonal Finans la, oswa moun li dezilyen an.

Nesèsè Medikalman – vle di sèvis oswa founiti Broward Health bay pou idantifye oswa trete yon maladi oswa blesi ki, dapre opinyon Broward Health (i) ale avèk sentòm, dyagnostik ak tretman pwoblèm nan, maladi an oswa blesi yo; (ii) apwopriye nan sa ki gen pou wè avèk estanda yo pou bon pratik medikal; (iii) pa prensipalman pou fasilite pasyan an; (iv) se nivo sèvis ki pi apwopriye yo kapab bay pasyan an san danje; epi (v) nesèsè pou pwoteje lavi, pou anpeche maladi grav oswa andikap grav, oswa pou soulaje gwo doule. Lè se yon pasyan entèn, sa vle di tou sentòm oswa pwoblèm pasyan an egziye nou pa kapab bay pasyan an sèvis yo oswa founiti yo san danje si li se yon pasyan ekstèn.

Rezidans Pèmanan – vle di tout moun ki pa sitwayen Etazini ki rete nan Etazini avèk yon rezidans pèmanan yo rekonèt ak anrejistre legalman.

POLITIK AK PWOSEDI

Politik #: GA-018-055	Politik sou Pwogram Èd Finansye a	Paj 3 sou 7
------------------------------	--	--------------------

Desizyon sou FAP a Baze sou Sipozisyon- vle di yon desizyon sou kalifikasyon pou resevwa èd finansye baze sou enfòmasyon pasyan an pa bay nan demann li an pou Èd Finansye li soumèt selon politik sa a.

Pyès Idantite avèk Foto Valid – vle di yon lisans chofè eta a bay, yon kat idantifikasyon eta a bay, yon paspò I-551 avèk so, oswa yon kat vèt valid.

V. Sèvis ki Kalifye

Politik sa a valab sèlman pou bòdwo pou sèvis ijan ak lòt sèvis ki nesèsè medikalman Broward Health ak sèten lòt founisè ofri. Sèvis ki kouvri yo nan kad Pwogram Akò sou Pri Fiks la pa aplike pou politik sa a. Tache ansanm ak politik sa a sou fòm Anèks B w ap jwenn enfòmasyon sou kijan pou w jwenn yon lis tout founisè yo, anplis Broward Health an li menm, k ap bay swen ijan oswa lòt swen ki nesèsè medikalman nan Broward Health, ki presize ki founisè politik sa a kouvri epi kilès li pa kouvri.

VI. Mezi pou Fè Tout Moun Konnen Gen Èd Finansye ki Disponib

Broward Health pral mete disponib kopi Politik sou FAP a, Fòmilè Demann pou FAP a ak rezime a an langaj senp nan lang angle, kreyòl, pòtigè ak panyòl. Kopi yo ap disponib sou sit wèb Broward Health la, pa lapòs, nan sal dijans la, ak nan tout zòn enskripsyon yo nan lopital la. Lòt founisè swen sante ki nan kominote a ak òganizasyon kominotè yo ap resevwa kopi tou. Epitou, n ap bay pasyan yo kopi rezime FAP a an langaj senp nan kad pwosesis admisyon/egzeyat la. N ap mete panno tou kote k ap fasil pou piblik la wè yo nan lopital la.

VII. Kijan pou w Fè Demann pou Èd Finansye

Broward Health ap aksepte demann pou èd finansye nan men nenpòt ki moun depi li respekte sèten kalifikasyon epi li fè demann epi respekte tout kondisyon yo pou demann nan ak egzamen demann pou tout pwogram asirans maladi ki gen finansman lokal, eta oswa federal ki disponib. Kandida a dwe rasanble tout enfòmasyon yo mande nan lis kontwòl FAP a, Deklarasyon Revni FAP ak ak Fòmilè Demann FAP a epi rankontre pèsònèlman avèk yon konseye finansye Broward Health pou kòmanse pwosesis demann pou èd finansye a.

Si nou jije li kalifye pou lòt sous finansman (apa sous Responsabilite Otomobil), kandida a p ap kalifye pou èd finansye selon politik sa a. Lè sa aplikab, ou dwe prezante prèv lòt sous finansman yo ba w refi anvan w kòmanse yon demann pou èd finansye. Si kandida a refize fè demann pou pwogram èd ki disponib yo (kèk egzanzp, pami lòt, se Health Insurance Marketplace, Medicaid, Medicare, Florida KidCare, etc.) epi obeyi pwosesis demann lan, nou gen dwa jije kandida a pa kalifye pou èd finansye selon politik sa a.

Yon demann pou èd finansye ranpli obligatwa pou tout pasyan Broward Health pou sèvis ki pa gen lòt sous finansman. Dokimantasyon ou bay la dwe koresponn avèk dat tretman an epi chak kandida dwe gen yon pyès idantite avèk foto valid.

Chak fòmilè demann ap egzije yon siyati nan men kandida a, oswa pati responsab la k ap ateste enfòmasyon ki sou fòmilè demann nan vre ak kòrèk. Si nou jwenn yon moun ap fè ekspres bay enfòmasyon ilisit n ap refize demann nan san rekonsiderasyon.

Kandida yo pou èd finansye nan Broward Health ap gen pou mete yon reprezantan apwopriye nan Broward Health okouran nan ka sikonstans revni yo chanje pandan peryòd apwobasyon pou èd finansye a ap an vigè a.

Chak demann pou èd finansye ap sèvi pou detèmine kalifikasyon pou resevwa èd finansye pou tout manm yon fanmi ki pa gen asirans ki gen non yo nan fòmilè demann nan.

Lè li siyen demann pou èd finansye a, kandida a oblije mande epi respekte tout pwogram asirans sante ki gen finansman lokal, eta oswa federal sa gen ladan Health Insurance Marketplace. Si li pa fè l n ap revoke èd finansye ki te apwouve a.

Demann pou èd finansye a dwe fèt pandan peryòd demann nan ki kòmanse nan dat nou bay swen yo epi jeneralman fini nan 240^{yèm} jou a apre nou voye premye bòdwo apre egzayat la pou swen yo.

N ap okipe demann pou èd finansye ranpli a nan yon delè apeprè 30 jou louvrab apre nou resevwa li depi pa gen sikonstans enprevi.

Lè n apwouve yon demann pou èd finansye, demann ki apwouve a valid pou douz (12) mwa apatide dat sèvis Inite Santral Èd Finansye a (Central Financial Assistance Unit, CFAU) etabli an pou ofri pasyan an èd finansye pou sèvis ijan ak lòt sèvis ki nesèsè medikalman. Nou kapab revize/amande peryòd apwobasyon an nenpòt ki lè si Administrasyon Broward Health la deside sa.

VIII. Sou Ki Baz Nou Kalkile Montan nou Mande Pasyan yo Peye

Apre yon desizyon sou kalifikasyon selon politik sa a, nou p ap mande yon pasyan ki kalifye pou èd finansye pou li peye plis pou swen ijan oswa lòt swen ki nesèsè medikalman pase montan nou jeneralman mande moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo peye (AGB). Broward Health sèvi avèk Metòd Gade Dèyè a pou detèmine AGB. Nan metòd sa a, pou kalkile AGB a yo divize sòm tout prestasyon pou ijans li yo ak lòt swen ki nesèsè medikalman ke frè pou sèvis Medicare la ak tout konpayi asirans prive ki peye prestasyon bay lopital la otorize yo pandan yon peryòd 12 mwa pa sòm bòdwo brit ki asosye yo pou prestasyon sa yo. Broward Health pral kòmanse aplike pousantaj AGB a disi 120^{yèm} jou a apre fen peryòd 12 mwa ki sèvi nan kalkil la. Manm nan piblik la gen dwa jwenn pousantaj AGB aktyèl la ak yon deskripsyon kalkil la ki akonpaye li alekri ak gratis pase pa enfòmasyon pou kontakte lopital la ki nan seksyon X politik sa a.

Broward Health pa bay bòdwo ni li pa atann peman pou bòdwo brit/total nan men moun ki kalifye pou èd finansye selon politik sa a.

Politik #: GA-018-055	Politik sou Pwogram Èd Finansye a	Paj 5 sou 7
------------------------------	--	--------------------

IX. Kondisyon yo pou Kalifikasyon**1. REZIDANS**

- a. Politik sa a se pou sitwayen ki fèt nan peyi an, ki natirize oswa rezidan pèmanan nan Etazini, dapre definisyon Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an, ki rete an pèmanans andedan zòn sèvis Broward Health la depi omwen 30 jou anvan dat yo resevwa swen ijans oswa swen ki nesèsè medikalman yo.
- b. Broward Health egzije pou tout moun ki pa rezidan Konte Broward ak pou tout sitwayen lòt peyi k ap mande tretman ki pa ijans pou yo prezante prèv finansman apwopriye anvan ospitalizasyon kòm pasyan entèn oswa sèvis pou pasyan ekstèn ki pa gen ijans. Pasyan yo ki pa rezidan Konte Broward oswa ki se sitwayen lòt peyi gen dwa vini avèk referans nan men lòt enstitisyon medikal nan enstalasyon espesyalize ak resous ki disponib yo nan Broward Health depi finansman ak akò sou transfè oswa plasman ant enstitisyon medikal yo garanti.
- c. Broward Health pral ofri swen ijans pou pasyan entèn ak ekstèn san konsidere estati rezidans ak finansman pou moun ki prezante tèt yo nan nenpòt nan lokal Broward Health yo epi doktè evalye yo bezwen swen ijans.

2. REVNI

- a. Yon kandida ki kalifye/apwouve pou èd finansye ki gen revni fanmi li ki a oswa pi ba pase 200% Liy Direktris Federal yo pou Pòvte pou Konte Broward ap resevwa èd finansye konplè avèk responsabilite pou yon ko-peman. Kandida ki gen revni yo ki depase 200% p ap kalifye pou èd finansye. Gade Anèks C pou montan ko-peman yo.
- b. Desizyon sou èd finansye a ap baze sou revni fanmi an pou douz mwa yo anvan dat kote kandida a resevwa swen ijans yo oswa lòt swen ki nesèsè medikalman yo.
- c. Yon kandida ki gen yon chanjman sikonstans ki anpeche kandida a kapab travay gen dwa fè/refè demann pou èd finansye lè yo fin bay yon dyagnostik pou soutni enkapasite pasyan an pou li travay poutèt maladi li an. Si kandida a dwe resevwa tretman pou kenbe li vivan, y ap fè yon rekonsiderasyon estati kont kandida a kounye a pou deside si kandida a kalifye pou resevwa èd finansye pou tretman sa a k ap kenbe li vivan.

3. NIVO OTORITE YO POU APWOBASYON

- a. Tout demann ki ranpli, sa gen ladan tout dokimantasyon dapui obligatwa, ki tonbe andedan liy direktris yo pou nivo pòvte a ap sibi egzamen epi resevwa apwobasyon yon reprezantan CFAU lè li fin verifye yo.
- b. Yo gen dwa pran yon Desizyon sou PAF Baze sou Sipozisyon dapre sa ki annapre yo:
 1. Tout pasyan entèn/ekstèn Medicaid ak Medicaid HMO, kòm Medicaid deja kalifye yo kòm endijan, ap gen yon alokasyon endijan k ap aplike pou tout balans yo genyen nan sant medikal la lè yo fini avèk tout avantaj yo.

POLITIK AK PWOSEDI

Politik #: GA-018-055	Politik sou Pwogram Èd Finansye a	Paj 6 sou 7
------------------------------	--	--------------------

2. Pou pasyan ki enskri kot Broward Health Homeless Clinic kòm moun ki apwouve pou W72 (sibvansyon pou moun ki pa gen kay), sèl kondisyon pou apwobasyon pou FAP se ap pou pasyan an soumèt yon deklarasyon revni pou FAP.
- c. Tout demann oswa apèl ki enkonplè oswa ki sispèk, kote yo pa kapab verifye kalifikasyon an nèt baze sou dokimantasyon yo bay la, dwe sibi revizyon Direktè Administratif Operasyon Komèsyal Sant Medikal la oswa moun li deziyen an pou yon desizyon sou kalifikasyon kandida a pou èd finansye.
- d. VP Operasyon Finansye a dwe apwouve tout eksepsyon baze sou rezidans ak oswa egzansyon pou lòt sous finansman. Tout eksepsyon ki fèt dwe dokimante klèman nan kad demann nan.

X. Mezi N ap Pran nan Ka Pa Gen Peman

Enfòmasyon sou mezi pou kolekte lajan Broward Health gen dwa pran yo nan ka ou pa peye bòdwo pou swen medikal yo dekri nan yon Politik sou Bòdwo ak Koleksyon separe. Pasyan yo ak lòt manm piblik la gen dwa jwenn yon kopi gratis politik separe sa a nan men Broward Health pase pa enfòmasyon pou kontakte lopital la ki nan dokiman sa a.

XI. Enfòmasyon pou Kontakte Lopital la

Sit Wèb Broward Health la: www.browardhealth.org

Enfòmasyon pou Kontakte Lokal Broward Health yo:

Broward Health Medical Center
(954)355-5442
1600 S Andrews Ave
Fort Lauderdale, FL 33316

Broward Health North
(954) 786-6589
201 E Sample Rd
Deerfield Beach, FL 33064

Broward Health Imperial Point
(954) 776-8708
6401 N Federal Highway
Fort Lauderdale, FL 33308

Broward Health Coral Springs
(954) 344-3006
3000 Coral Hills Drive
Coral Springs, FL 33065

Pou yon lis lòt lokal Broward Health, sa gen ladan lokal pou pasyan ekstèn, sant swen ijan, ak klinik, ale sou <http://www.browardhealth.org/Locations>.

XII. Règleman/Estanda:

Seksyon 501(r)(4) nan Kòd Revni Entèn nan

POLITIK AK PWOSEDI

Politik #: GA-018-055	Politik sou Pwogram Èd Finansye a	Paj 7 sou 7
------------------------------	--	--------------------

XIII. Referans

F.S. 409.911(1)(c)

Kòd Revni Entèn §§ 501(r)(4) (politik sou èd finansye); 501(r)(5) (limitasyon sou bòdwo); ak 501(r)(6) (kondisyon pou bòdwo ak koleksyon) (ak Règleman Trezò ki pibliye selon yo)

XIV. Administrasyon ak Entèpretasyon

Entèpretasyon ak administrasyon politik sa a se responsabilite Vis-Prezidan Egzekitif Direkè Finansye a

ANÈKS A – Gen ladan Lis Kontwòl Pwogram Èd Finansye a, Deklarasyon Revni Pwogram Èd Finansye a, ak Fòmilè Demann pou Pwogram Èd Finansye a.

ANÈKS B – LIS FOUNISÈ- Yon lis founisè k ap bay swen ijan ak lòt swen ki nesèsè medikalman Politik sou FAP a kouvri disponib sou sit wèb Broward Health la (www.browardhealth.org).

ANÈKS C – MONTAN KO-PEMAN YO